



**Built to Lead**

Pou piblikasyon imedya: 7/1/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VAS AMELYORASYON NAN ETABLISMAN LWAZI  
ANPLENNÈ YO ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Adisyon enpòtan ak mizajou pral amelyore aksè pou tout Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo***

***Pifò amelyorasyon nan etablisman yo nan rejyon ki pi frekante nan Adirondacks ak Catskill***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse amelyorasyon jeneral nan etablisman lwazi anplennè yo nan eta pou bay bon jan kalite eksperyans pou Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo. Anpil nan amelyorasyon nan etablisman sa yo nan rejyon Adirondacks ak Catskill epi sèvi pou fasilite aksè ki pi fasil, sa ki gen ladan adisyon nouvo wout ak zòn paking. Anons jodia vini alavans de wikenn 4 Jiyè a pou ankouraje kan, randone, bato, bisiklèt, kanotaj, ak lapèch pandan ete sa.

"New York se kay bote natirèl san parèy ki afiche nan park eta spektakilè nou yo nan chak kwen nan eta," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Amelyorasyon sa yo pral ogmante aksè nan park nou yo epi amelyore eksperyans anplennè pou Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo e mwen ankouraje tout moun pou yo vin gade pou tèt yo."

**Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te deklare,** "Etablisman Depatman Konsèvasyon Anviwonman ofri yon opòtinite inik pou tout fanmi an pwofite kèk nan pi bèl resous natirèl ki gen nan Eta New York. Apati kan pou rive nan randone a lapèch, gen anpil bagay pou nou fè nan pwen daksè nou yo e grasa investisman kontinyèl Gouvènè Cuomo nan etablisman nou yo, renovasyon sa yo ap amelyore eksperyans sa pou tout vizitè yo."

Amelyorasyon nan Adirondacks

***Konte Essex***

- Tren Kan Etan Lincoln: Konstriksyon yon nouvo paviyon pikinik nan zòn itilizasyon lajounen.
- Tren Kan Etan Putnam: Asfalte antre wout ak chemen pou lansman bato.

***Konte Franklin***

- Teren Kan Lak Meacham: Konstriksyon yon nouvo teren jwèt ak paviyon pikinik nan zòn itilizasyon lajounen.
- Teren Kan Krik Fish: Retou pwogram lwazi nati timoun yo.

### ***Konte Hamilton***

- Lansman Liy Fwontyè ekoulman alamen: Konstriksyon yon nouvo wout, zòn pakin ak aksè santye pou bay kanotaj ak aksè pou pechè yo nan ekoulman Liy Konte ak lapèch Brook.
- Lansman Lapèch Brook alamen: Yon nouvo zòn pakin sou wout etan Pickwacket bay aksè a lapèch Brook apeprè 0.75 kilomèt nan kouran ekoulman liy Konte a. Lokalize sou pati nò wout Eta 28, ant kominote yo nan Long Lake ak Newcomb.
- Teren Kan Lak Lewey: Konstriksyon de nouvo bilding uit inite douch ak saldeben ak renovasyon yon estasyon konfò, ki kounye a gen dlo pou evakye twalèt yo.

### ***Konte Warren***

- Teren Kan Hearthstone Point: Renovasyon te fèt nan andedan ak deyò bilding siperyè douch la.
- Zòn itilizasyon lajounen Prospect Mountain Veterans Memorial Highway: Konstriksyon yon chemen aksesib sou somè a ki pèmèt vizitè tout kapasite gen aksè a paviyon pikinik la ansanm avèk pwen obsèvasyon Bull Wheel.

### **Amelyorasyon nan rejyon Catskill**

#### ***Konte Delaware***

- Mòn Bear Spring: Konstriksyon yon nouvo teren jwèt ak waf lapèch.

#### ***Konte Ulster***

- Teren Kan Kenneth L. Wilson: Nouvo etablisman yo gen ladan yon santye lanati ki genyen yon pon pou pyeton ak yon platfòm obsèvasyon, lansman alamen pou kanotaj, 0.25-kilomèt santye obsèvasyon avèk yon pasrèl, aksè teren lapèch ak zòn piknik.

### **Lòt Amelyorasyon**

#### ***Konte Delaware***

- Teren Mòn Bear Spring: Enstalasyon yon nouvo teren jwèt ak waf lapèch ki ADA aksesib.

#### ***Konte Greene***

- Teren Kan Lak North-South: Renove sèvis elektrik pou enkli eletrisite ak dlo nan paviyon South Lake.

Tout nouvo etablisman ansanm avèk sa ki renove yo kounye a ap gen ekipman aksesib pou moun ki gen tout abilite itilize. Anplis, Depatman Konsèvasyon Anviwonman kontinye ap amelyore kan ki demode yo nan tout sit kan li yo gras a pwojè restorasyon sit kan li yo. Sa a gen ladan ranfòse antre yo, nouvo chemine, amelyore drenaj, ak plante pyebwa natif natal ansanm avèk touf yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418